


Direktiv Alavans



Kisa direktiv alavans ye? Direktiv alavans se yon fason pou w fè konnen kisa ou swete ki fèt sizoka ou paka pale pou di sa w vle. Yo pèmèt ou dekri kalite tretman ke ou ta vle oswa ke ou pa ta vle si ou ta malad grav. Yo pèmèt ou di tou ki moun ou vle ki pou pran desizyon pou ou si ou pa ta ka pale pou tèt ou.

Byenke se yon bagay ki difisil pou ou pale sou planifikasyon lè ou vin malad grav, e ke ou ka pre lanmò, lè ou fè sa, se ka yon kado ou bay moun ki pwòch ou yo. Si ou vin paka pale pou tèt ou, yo pral mande fanmi w pou pran desizyon ki gen rapò avèk swen ou. Lè ou kreye direktiv alavans yo, ou ede prepare yo pou sa.

Pran Desizyon Sou Swen Sante Ou

Pifò moun abitye pran pwòp desizyon yo sou tretman yo vle oswa sa yo pa vle. Se dwa w pou w aksepte oswa refize nenpòt swen medikal ke yo ofri ou, tankou tretman oswa pwosedi ki ka kenbe w vivan pi lontan.

Pa gen moun ki renmen reflechi sou sitiyasyon kote yo tèlman malad ke li vin enposib pou yo pran pwòp desizyon pa yo. Sepandan moun ki gen maladi grav ka retwouve yo nan sitiyasyon sa a epi li bon pou yo pare pou li. Li enpòtan pou ou reflechi davans sou moun ou ta vle ki pou pran desizyon pou ou si ou ta vin twò malad pou w pran desizyon sa yo ou menm, epi pou w reflechi tou sou ki desizyon ou ta vle yo pran.

Gen kèk moun ki vle yo fè "tout bagay" pou yo nan espwa ke yo pral viv pi lontan, menm si yon tretman medikal gen yon ti chans minim pou l mache e menm si li ka lakòz efè segondè grav. Tandiske gen lòt moun ki santi lè yon maladi vin grav anpil, kalite lavi yo pi enpòtan pase eseye rete vivan pi lontan. Moun sa yo pa vle yon tretman ki sèlman genyen yon ti chans minim pou l mache e ki ta ka lakòz efè segondè grav.

Preparasyon Direktiv Alavans Ou Yo

Pale avèk doktè w sou direktiv alavans. Nan Eta New York, gen diferan kalite direktiv alavans:

- Yon **Manda Pou Swen Sante** se yon dokiman legal ki pèmèt ou nonmen youn oswa plizyè moun ki pral pale pou ou sizoka ou pa ta ka pran pwòp desizyon ou. Moun sa yo se moun ou fè konfyans epi yo vin tounen "ajan swen sante ou." Lalwa New York egzije lopital yo, fwaye swen enfimye yo ak sant swen sante yo, pou yo ba ou yon fòmilè Manda pou Swen Sante ak enfòmasyon sou li, epi pou yo ede w ranpli li si w bezwen èd.

Li enpòtan pou moun ou vle nonmen kòm ajan w nan konnen wap fè sa epi tou ke li gen enfòmasyon sou sa ou swete konsènan tretman medikal yo. Li pi bon si ou menm ak ajan w nan fè yon ti pale depi kounye a sou valè ak preferans ou yo. Nou ta dwe pale sou kalite desizyon ke ou ta pran si ou ta malad grav lèfini ou ta gen pou ou fè yon chwa konsènan yon tretman ki genyen yon ti chans toupiti pou l pwolonje lavi ou men tou ki ka genyen efè segondè grav.

Lè wap ranpli Manda pou Swen Sante w la, ou kapab ajoute ladan l yon deklarasyon sou tretman ke ou swete yo, oswa ou ka ranpli yon Testaman Byolojik apa. Nan Manda pou Swen Sante a, ou kapab deklare tou sa ou pa vle ajan w nan fè. Ou menm ak de temwen dwe siyen fòmilè a epi mete dat sou li. Ni ajan w nan, ni ajan altènatif ou a paka sèvi kòm temwen. Si ou pa kapab siyen manda w la, ou ka mande yon lòt adilt siyen pou ou.

vire paj la

- Yon **Testaman Byolojik** se yon dokiman ki esplike sa ou swete konsènan swen sante ou, espesyalman sou swen w ap resevwa pandan fen lavi ou. Ou paka itilize yon Testaman Byolojik pou nonmen yon ajan swen sante; ou dwe itilize yon Manda pou Swen Sante pou sa. Lè ou kreye yon Testaman Byolojik, ou ekri yon deklarasyon sou sa ou swete pèsonèlman konsènan swen sante ou. Ou menm ak de temwen dwe siyen l epi mete dat sou li.
- Yon **Òdonans Pa Reyanime (DNR)** senpleman di ke ou pa swete yo fè resisitasyon kadyopilmonè pou ou (CPR)—ki se, yon tretman ijan pou eseye redemare kè ou ak poumon ou si batman kè ou oswa respirasyon ou rete. CPR se lè ou pouse fò sou pwatrin yon moun pou ponpe san ak fè respirasyon bouch-a-bouch. Òdonans DNR la vle di sèlman ke yo pap fè CPR. Yo dwe founi ou tout bezwen pou swen ak konfò medikal debaz yo, ki gen ladan yo tretman pou tout blesi, doulè, difikilte respiratwa ak lòt pwoblèm medikal.

Yo pral pale sou yon **Òdonans Pa Reyanime (DNR)** pou **Moun ki Lopital** avè w si ou nan yon lopital oswa nan yon lòt etablisman swen sante. Si ou lakay ou, ou ka mande doktè oswa enfimyè w la fè w jwenn yon **Òdonans Pa Reyanime pou Moun ki pa Lopital**. Ou ka mete enfòmasyon sou sa ou swete konsènan DNR nan Manda pou Swen Sante ou oswa nan Testaman Byolojik ou.

Lè Ou Fin Ranpli Direktiv Alavans Yo

Kèlkeswa kalite direktiv alavans ou genyen an, gen yon kantite bagay ou dwe fè lè li fin siyen.

Seri Edikasyon Pasyan an

Direktiv Alavans

- Fè plizyè kopi epi kenbe yon kopi lakay ou nan yon kote ki sekirize.
- Fè lòt moun nan fanmi an konnen kibò kopi sa a ye.
- Bay ajan swen sante w la, ajan altènatif ou a, manm fanmi pwòch ou, doktè w yo ak lòt moun ou chwazi pou patisipe nan swen sante ou, kopi.
- Selon lalwa New York, nenpòt doktè ou bay yon fòmilè Manda pou Swen Sante dwe aranje l pou mete yon kopi fòmilè a nan dosye medikal ou.
- Panse pou mache avèk yon ti kat gwosè pòtfèy yo ki bay enfòmasyon sou egzistans ak lokalizasyon Manda pou Swen Sante ou oswa Testaman Byolojik ou.

Pwen Enpòtan pou Ou Sonje:

- Ou ka pran desizyon pou aksepte oswa refize nenpòt kalite swen medikal. Pou w fè sa, ou dwe mande doktè ou enfòmasyon konplè sou maladi w la, epi sou risk ak avantaj chak tretman.
- Si maladi w la vin grav anpil epi ou vin paka pale pou tèt ou, yap respekte valè ak preferans sou swen w yo si ou gen yon direktiv alavans.
- Direktiv alavans yo fèt pou tout moun, epi pi bon lè pou ou mete youn anplas se lè ou santi w byen.
- Sonje ke ou ka anile oswa chanje yon direktiv alavans nenpòt kilè.

Si ou ta renmen resevwa èd pou konekte ak resous yo, pale ak doktè a, enfimyè a oswa travayè sosyal ki nan sant sante w la.